

# Chak sitwayen leta Florida sipoze devlope yon plan preparasyon pou fanmiy li lontan anvan yon siklòn ta vin menase zòn lan.

**Ki wout ou ta dwe pran?**

Eske w abite lan yon zòn ki vilnerab ?  
(Yon kay mobil, yon zòn ki konn inonde anpil deja, sou yon zile, oswa bò kòt lanmè yo)

Eske w jwenn lòd pou w ta evaye zòn lan ?

**WI NON**

**EVAKYE**

**RETEY LAKAY NOU**

Eske w te konnen...?

Fòk ou fè yon rezèv 3 jou dlo potab pou chak moun anndan kay ou, Fòk nou ta chanje rezèv dlo sila a chak 6 mwa pou pipiti. Pou plis enfòmasyon: [www.redcross.org](http://www.redcross.org)

**Fèmen kay ou kòm sadwa**  
Mete fèy playwoud sou fenèt yo; ranmase tout bagay k ap flannen nan lakou a

**Pote yon lajan andiplis**  
Poutèt blakaout, labank yo gen dwa vin fèmen; ATM yo gen dwa tonbe anpann

**Veye zye sou vwazinay ou**  
Granmoun ak andikap yo anpatikilye

**Sèvi ak radyo NOAA pou swiv nou vèl meteyo**  
Kontinye veye tout konsèy sou kondisyon tanperati an

Eske w te konnen...?

Annape yon siklòn, telefòn selilè yo, bipè yo ak konpitè pòtatif yo kapab itil anpil pou rive ede w jwenn enfòmasyon sou kominote w lan. [www.floridadisaster.org](http://www.floridadisaster.org)

Eske w te konnen...?

Siw rive fè kay ou vin pi solid, yon jan pou l ka reziste a yon dezaz, sa kapab diminye sou valè dega yo, epi lè sa a, nou pa ta bezwen evakye anka yon menas siklòn. Pou kèk konsèy senp epi ki pap koute w anpil lajan, rele : 1-877-221-SAFE [www.flash.org](http://www.flash.org)

Eske w te konnen...?

Anjeneral, asirans pou kay yo pa kouvri dega ki sòti nan inondasyon yo. Pa pran anyen pou kach. Tcheke ki sa asirans ou di. Pou plis enfòmasyon, rele: 1-888-CALL-FLOOD ext. 445 [www.fema.gov/nfip](http://www.fema.gov/nfip)

Eske w te konnen...?

Lè sa posib, li pi bon pou evakye anndan konte pa nou an. Sa va diminye sou valè chans pou nou ta pran nan blokis, epi li ta pèmèt ou retounen lakay nou pi rapid. Anvan yon siklòn kourmanse menase w, rele biwo jesyon dijans ki pi pre nan konte w, pou l ka ba w enfòmasyon sou plan evakyasyon pou zòn bò lakay ou a.

Eske w te konnen...?

Anpil sant refij piblik pap kite moun yo antre ak bèt domestik yo. Si w prat evakye nan yon refij, fè bonjan aranjan alavans pou bèt ou yo.

**Ranpli tank machin ou ak gaz**

**Pote yon lajan andiplis**  
Labank yo gen dwa vin fèmen; ATM yo gen dwa tonbe anpann

**Mete plan w te fè pou bèt ou yo anaksyon**

**Mennen tout papye enpòtan fanmiy w lan**  
Plase yo nan plastik pou yo pa vin mouye

**Fèmen kay ou kòm sadwa**

**Pote jwèt ak liv pou amizman**

**Pote zoreye ak dra**  
Pa bliye padesi kont lapli ak bonjan soulye

**Planifye wout w ap gen pou pran**  
Aprann wout evakyasyon pou zòn bò lakay ou a  
**FE BAK 9 TI KARE**

## KONSÈY POU PREPARE FANMIY W SI W AP RETE LAKAY OU PANDAN YON SIKLÒN

- Devlope yon plan dezaz pou fanmiy w
- Kontinye swiv tout mesaj meteyo sou tanpèt lan  
Aprann diferans ant VEYE ak ALÈT
- Achte yon radyo NOAA
- Kenbe yon twous rezèv anka dezaz tou pare
- Kenbe kont dlo ak manje pou twa jou pou pipiti
- Pwoteje tout papye enpòtan yo
- Ranfòse kay ou pou l vin gen plis rezistans  
Prepare tèt ou pou fèmen tout fenèt ak pòt an vit yo ak fèy playwoud; mare tout bagay k ap flannen nan lakou a, oswa mennen yo anndan kay la
- Mete yon lajan sou lamèn  
Annape yon siklòn, labank ak ATM yo gen dwa blije fèmen pou kèk jou
- Ranpli tank machin ou ak gaz
- Fè yon plan pou okipe zanimo domestik ou yo  
Anvan yon siklòn menase, rele veterinè w lan oswa sosyete ki okipe bèt yo nan lokalite a, pou ede w jwenn bonjan enfòmasyon sou kijan pou pwoteje bèt ou yo anka dijans
- Pa sèvi ak balèn oswa dife tou limen pou klere tèt ou
- Tèt kole ak vwazinay  
Veye granmoun yo ak moun yo ki gen kèk bezwen espesyal yo
- Lè siklòn lan ap frape, rasanble fanmiy w lan nan yon pyès kay lan ki ansekirite (li ta pi bon si pyès sila a chita anndan kay lan nèt, epi li pa ta gen okenn fenèt)
- Annape siklòn lan, veye pou w pa pran nan fil kouran elektrik ki ta tonbe atè yo
- Koute sa otorite lokal yo ap di nan zòn bò lakay ou a



KONSÈY POU PREPARE FANMIY W  
**SI W AP EVAKYE PANDAN  
YON SIKLÒN**



● **Kontinye swiv tout mesaj meteyo sou tanpèt lan**  
Aprann diferans ant VEYE ak ALÈT

● **Mete plan anka dezans pou fanmiy w lan annaksyon**

● **Planifye wout w ap gen pou pran**  
Sèvi ak wout otorite lokal yo fin idantifye.  
PA PRAN LARI san w pa konnen ki kote w prale

● **Ranpli tank machin ou ak gaz**



● **Evakye zòn lan depi otorite yo mande pou w fè sa**  
Pa vin BLOKE, Evakye bonè

● **Mete plan w pou okipe zanimo domestik ou yo annaksyon**

Anvan yon siklòn menase, rele veterinè w lan oswa sosyete ki okipe bèt yo nan lokalite a, pou ede w jwenn bonjan enfòmasyon sou kijan pou pwoteje bèt ou yo anka dijans



● **Mennen twous dijans anka dezans pa w lan**  
Pa bliye mennen tout dokiman enpòtan w yo

● **Fèmen kay ou kòmsadwa**  
Mete fèy playwoud sou fenèt ak pòt an vit yo;  
mare tout bagay k ap flannen nan lakou a, oswa mete yo anndan kay lan

● **Mete yon lajan sou lamèn**  
Annapre yon siklòn, labank ak ATM yo gen dwa blije fèmen pou kèk jou

● **Avèti fanmiy ak zanmi de sa w ap fè**

● **Lè wap evakye :**  
Si w kapab, evakye lakay kèk zanmi oswa fanmiy nan yon zòn ki pa fin andanje anndan konte a.  
Si sa pa posib, chache ale nan yon motèl oswa yon otèl. Dènye kote ou ka tcheke, se nan yon refij piblik. Pa bliye, ou pap fin twò alèz anndan refij sila yo, epi yo pa aksepte bèt domestik ou yo

**Moun ki bezwen yon èd espesyal pou yo ta evakye ta dwe idantifye tèt yo bay biwo jesyon dijans lokal yo a.**

[www.floridadisaster.org](http://www.floridadisaster.org)

**Ekipman rezèz anka dezans**

**DLO POTAB:** pou pipiti, yon galon chak jou pou chak moun, pandan twa jou

**LAMANJAY:** fòk li kont pou twa jou pou pipiti

- lamanjay ak ji ki fèmen nan bwat katon oswa nan mamit fè blan, yon jan pou yo pa vin gate
- manje espesyal pou tibebe ak granmoun yo
- ti bonbon, sirèt, elatriye
- yon louvri bwat a men (ki pa elektrik)
- chodyè, gaz pou kwit manje (bip ticheri)
- asyèt papyè, fouchèt ak kouto plastik

**RAD:** padesi, chanday oswa rad apwopriye pou sezon an, bonjan soulye

**DRA AK ZOREYE**

**MEDIKAMAN**

- tout medikaman ki mande preskripsyon ak sa yo ki pa mande preskripsyon
- linèt, fo dan, aparèy pou zorèy pou moun ki pa tande byen

**BAGAY ESPESYAL:** pou tibebe ak granmoun yo

**PAPYE TVALÈT**

**PAPYE MOUYE**

**FLACH AK PIL**

**RADYO:** ki mache sou pil ak yon radyo meteyo NOAA

**LAJAN**

**KLE:** yon seri kopi kle lakay ou ak pou machin ou

**DOKIMAN ENPÒTAN:** nan yon sachè plastik

- dosye asirans, medical, nimewo kont lanbank ou yo, kat sekirite sosyal, elt.
- makè tout byen enpòtan ou yo epi fè yon lis tout bagay sila a yo

**JWÈT / LIV / AMIZMAN**

**ZOUTI:** kenbe yon seri zouti bò kote w pandan siklòn lan

**BAGAY OU BEZWEN POU OKIPE BÈT DOMESTIK OU YO**

- papyè vaksinasyon ak idantifikasyon yo
- yon bon valè manje ak dlo pou yo
- yon kaj
- medikaman yo
- yon mizo ak chèn pou yo

**APRANN DIFERANS ANT VEYE AK ALÈT**

Lè w tande mesaj ki di **VEYE pou Siklòn (Hurricane Watch)** nan zòn bò lakay ou, sa vle di gen anpil chans pou tanpèt lan ta ka rive sou ou anndan yon peryòd 36 è tan konsa. Depi ou tande mesaj sila a, ou fèt pou mete an aktivite plan daksyon anka dezans pou fanmiy w lan. Ou ta dwe koumanse pran tout aksyon pou pwoteje tèt ou, anpatikilye tout bagay ki mande plis valè tan, tankou mare batiman, deplase kite zòn bò kòt lanmè a oswa zilè yo si se la ou abite, elatriye.

Lè otorite yo bay yon mesaj **ALÈT pou siklòn (Hurricane Warning)** pou zòn bò lakay ou, sa vle di ou mèt atann yon tanpèt k ap vini anndan pwochen 24 èd tan yo, epi l ap gen van k ap soufle sou yon vitès 74 mil pa è pou pipiti. Depi yo voye mesaj sila a, fanmiy w lan ta fèt pou li prèske rive nan bout divès travay ki gen pou fèt pou pwoteje tèt li kòmsadwa, epi nou ta sipoze ap deside ki bò ki plis ansekirite pou nou **pandan tanpèt lan.**

**Si nou bezwen plis enfòmasyon :**

**Depatman Zafè Kominotè Laflorid (Florida Department of Community Affairs)**  
<http://www.floridadisaster.org>  
Telefòn pou Enfòmasyon anka Dijans pou Laflorid: 1-800-342-3557

**Ajans Federal pou Jesyon Ijans yo (Federal Emergency Management Agency -FEMA)**  
<http://www.fema.gov> <http://www.fema.gov/kids>

**Lakwawouj Amerikèn (American Red Cross)** <http://www.redcross.org>

**Alyans Laflorid pou Kay San Danje (Florida Alliance for Safe Homes)** 1-877-221-7233 (ou mèt rele gratis)

**Depatman Lagrikilti Laflorid Divizyon pou Elvaj Bèt (Florida Department of Agrikilti - Division of Animal Industry)**  
Konsèy sou kijan pou prepare bèt ou yo anka yon ijans:  
[www.doacs.state.fl.us/ai/adc/adc\\_emerg\\_manag\\_links.shtml](http://www.doacs.state.fl.us/ai/adc/adc_emerg_manag_links.shtml)


**Enfòmasyon sou kilès pou w kontakte anndan konte pa w lan:**

Si ti kare sila a pa gen anyen ki ekri ladann, tcheke paj sou gouvènman yo anndan liv telefòn ou, yon jan pou idantifye nimewo telefòn biwo jesyon ijans yo anndan konte pa w lan.



**DEPATMAN ZAFÈ KOMINOTÈ LAFLORID DIVIZYON JESYON IJANS YO**  
FLORIDA DEPARTMENT OF COMMUNITY AFFAIRS  
DIVISION OF EMERGENCY MANAGEMENT  
2555 Shumard Oak Boulevard • Tallahassee, FL 32399-2100  
<http://www.floridadisaster.org>  
1.877.352.3222 (ou mèt rele gratis)  
Adaptasyon nan lang kreyòl:  
La Gad Nasyonal Leta Florid and CDRH, Pòtoprens, Ayiti  
June 2006 • Fèt sou papyè resikle

**Ki sa pou w fè lè yon siklòn ap menase kominote w ?**



**Gen de wout pou w pran**

**Gade anndan** →